



Pou Piblikasyon Imedya: 15/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO DEKLARE YON SITIYASYON DIJANS NAN KONTE PUTNAM,
DUTCHESS, ORANGE AK SULLIVAN**

*Gouvènè an Deplwaye 125 Manm Gad Nasyonal New York pou Ede nan
Operasyon Retablisman yo*

Yo Pibliye yon Mizangad Meteyo pou Konte ki Anba yon Lòd Ijans

*Anplwaye Leta ak Anplwaye Lokal ap Netwaye Wout ak Ray yo avèk Ekipman yo
te Voye alavans; Lòt Resous ap vin Disponib*

Lòd Egzekitif sou Sitiyasyon Dijans la Disponib [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te deklare yon sitiyasyon ijans nan Konte Putnam, Dutchess, Orange, ak Sullivan; kote sa yo ap kontinye retabli apre plizyè gwo tanpèt ki te pase nan madi. Nan kad efò retablisman yo, Gouvènè an deplwaye 125 manm Gad Nasyonal New York la (New York National Guard) pou plis ede kominote yo nan efò retablisman yo. Kounye a, dè milye anplwaye leta ak anplwaye lokal deja ap travay men nan men ak ekipman yo te voye alavans pou netwaye vwa transpò yo, retire debri, ak evalye domaj nan tout zòn ki afekte yo. Yo te mete an plas yon mezangad meteyo aswè a pou konte sa yo pou pèmèt travayè retablisman yo fè travay yo san danje.

“Yon fwa ankò, New York te fè fas a kòlè Manman Lanati; kounye a se moman pou kolaboratè nou onivo leta ak lokal ede kominote yo nan rejyon Mid-Hudson la leve atè a epi rekòmanse fonksyone”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Li gen dwa difisil toujou pou kondui epi pase sou senten wout. Mwen ankouraje chofè pa pase sou wout yo, konsa ekip nou yo kapab netwaye e sekirize wout nou yo pi vit ke posib.”

Gad Nasyonal New York

Deplwaman Gad Nasyonal lan pral kòmanse nan maten mèkredi 16 Me ak 125 manm ki soti nan Camp Smith ki nan Konte Westchester. Yo pral ankadre anplwaye onivo leta, konte, ak lokal nan tout yon seri jefò, soti depi nan netwayaj debri yo pou rive nan kontwòl sikilasyon.

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta New York (New York State Division of Homeland Security and Emergency Services)

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta New York - Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management) ap kontwole sitiyasyon an aktivman; li an kontak

sere avèk jesyonè ijans lokal yo ak Sèvis Nasyonal Meteyo (National Weather Service). Rezèv Eta a pare ak resous yo prè pou deplwaye al nan rejyon ki afekte yo, ki gen ladan 750 dèlko, 259 poto limyè pòtatif, 1,246 ponp ki gen divès dimansyon, plis pase 1,700,000 sak sab, 13 aparèy pou ranpli sak sab yo, plis pase 56,350 repa tou prepare, plis pase 430,000 boutèy ak kanèt dlo, plis pase 9,000 kabann pòtatif, ak 12,340 dra ak 13,613 zòrye.

Anplis de sa, Biwo Eta pou Prevansyon ak Kontwòl Dife (State Office of Fire Prevention and Control) te voye 17 anplwaye nan Konte Ulster, Dutchess, Orange, Putnam, Sullivan ak Westchester. Pèsonèl sa yo pral bay ankadreman nan sitiyasyon sa a, e ede kolèg yo evalye dega ki fèt.

Depatman Transpò Eta New York la

Plizyè wout nan tout rejyon Mid-Hudson nan fèmèn oswa gen anbouteyaj poutèt pyebwa ki tonbe, liy kouran ak lòt debri nan wout yo. Ekip yo sou plas, e y ap travay osivite ke posib pou debleye wout yo. Yo ekipe avèk 75 eskavatris, kat bouldozè, 20 nivelez, 17 kamyon aspirasyon ki gen flit egou yo, 12 ponp dlo, 1,441 kamyon baskil ki laj, 318 kamyon chajè ki laj, 15 kamyon a so ak ekipaj pou pyebwa yo, 79 dechiktez, 57 kamyon siyalizasyon sikilasyon, ak 13 kamyon tank dlo.

Avèk tanpèt lan ki fin pase, ekip yo kòmanse evalye bezwen ki genyen antèmde lòt resous nan tout rejyon an. Yo prepare ekipman ki annapre yo, e ekipman sa yo pare pou ale, selon sa ki nesèsè: 386 kamyon baskil ki laj, 102 kamyon chajè ki laj, 27 eskavatris, 23 dechiktez, 11 kamyon siyalizasyon sikilasyon, 8 nivelez, 7 kamyon tank dlo, 5 kamyon aspirasyon ki gen flit egou yo, 4 kamyon a so, yon bouldozè, ak yon ponp dlo.

Anplis de sa, Depatman an gen Pano a Mesaj Varyab (Variable Message Signs) sou wout eta a yo nan rejyon ki te afekte yo k ap avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan sevè yo. Y'ap raple vwayajè yo tou pou yo verifye 511NY lè yo rele 511 oubyen ale sou www.511ny.org avan yo soti. Sèvis gratis sa pèmèt itilizatè yo tcheke kondisyon wout yo ak enfòmasyon sou transpò.

Yo raple otomobilis yo ke lalwa egzije si 'pa gen kouran' nan yon kafou epi limyè siyalizasyon yo pa operasyonèl, otomatikman kafou sa vin tounen yon arè nan kat sans. Nan ka gen wout ki fèmèn oubyen ki bloke akòz inondasyon, kab elektrik ki tonbe oubyen debri yo, yo konseye otomobilis yo pou yo pran prekosyon epi obeyi tout pano siyalizasyon oubyen barikad ki an plas yo, kèlkeswa si yon wout parèt lib ou pa.

Itilizatè mobil yo ka telechaje dènye aplikasyon mobil 511NY la gratis sou iTunes oswa Google Play. Kounye a aplikasyon an ofri yon mòd Drive (Kondwi), ki bay avètisman moun ka tande sou yon wout yo chwazi pandan itilizatè a ap kondwi, pou avèti yo sou ensidan ak konstriksyon. Itilizatè yo ka fikse yon destinasyon anvan yo kòmanse kondwi epi resevwa enfòmasyon pou jiska twa wout.

Otowout Thruway Eta New York La (New York State Thruway)

Aktyèlman, sikilasyon an bon sou sistèm otowout Thruway nan rejyon Lower Hudson Valley, sa ki gen ladan I-87, I-287, ak I-95. Ekip antretyen yo ap kontinye kontwole zòn otowout Thruway yo pou debri oswa lòt domaj ki gen rapò ak tanpèt.

Yo ankouraje chofè yo pran prekosyon lè y ap kondui epi ajiste vitès yo selon kondisyon wout yo.

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil li yo](#), ki disponib pou download gratis sou aparèy iPhone ak Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans navigasyon pandan yo sou wout.

Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa imèl TRANSalert k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a [isit la](#). Pou tout dènye enfòmasyon yo an tan reyèl, otomobilis yo ka suiv nou sou Twitter nan @ThruwayTraffic oswa lè yo vizite www.thruway.ny.gov pou yo wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway, ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

Metro-North Railroad

Metro-North rekòmanse sèvis sou Liy New Haven, sou Liy Hudson, rive jouk Croton-Harmon, ak sou Liy Harlem, rive jouk North White Plains. Sèvis la toujou kanpe sou Liy Harlem, sou Liy Hudson ki onò Croton-Harmon. Ekip yo ap travay seryezman pou retire pyebwa ki tonbe ak repare dega sou twazyèm ray tren an, pou pèmèt sèvis yo retabli pi vit ke posib.

Metro-North ankouraje kliyan yo kontwole chèn dijital ray tren yo pou dènye nouvèl yo, ke yo pral anonse pa imèl ak mesaj tèks, afiche sou aplikasyon Metro-North Train Time, epi pataje nan seksyon “Sitiyasyon Sèvis” (“Service Status”) sou MTA.info, epitou atravè @MetroNorth sou Twitter. Metro-North pral mete kliyan yo okouran tou atravè siy dijital ak anons odyo nan estasyon ak sou tablo tren yo.

Metro-North ankouraje kliyan ki pa resevwa alèt sèvis pa imèl oswa mesaj tèks pou yo vizite MyMTAAlerts.com pou enskri.

Sèvis Amtrak

Kounye a, anpil tren sou Empire Corridor kole nan estasyon. Sa yo enkli:

- Empire 244 kole nan Rhinecliff
- Empire 48 kole nan Poughkeepsie
- Empire 242 kole nan New Hamburg
- Empire 235 kole nan Cold Spring
- Empire 49 kole nan Cortland
- Empire 239 ansanm ak Empire 241 kole nan Penn Station

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)